

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

SEPTANM 2017

VOLIM 9, NIMEWO 35

SA KI LADAN:

- Siklòn Irma
- Chemen Diplòm
- FAFSA

ENSKRIPSYON OUVÈ POU PLIS PASE 380 PWOGRAM MAGNET APATI 1YE OKTÒB

MAGNETSCHOOLS
GIVING OUR STUDENTS A WORLD OF CHOICES

MAGNET APPLICATION
OPENS OCTOBER 1ST

Pou aplike, vizite www.miamimagnets.org.

LEKÒL YO PRAL FÈ JOUNEN VIZIT

M-DCPS pral fè Jounen Vizit kòmansé lendi 25 septanm jiska jedi 19 oktòb. Silvouplè kontakte lekòl pitit ou a pou konfime dat Jounen Vizit la.

Ale nan Jounen Vizit la pou w rankontre pwofesè pitit ou a(yo), resevwa enfòmasyon konsènan klas ak pwogram akademik pitit ou, ak règ sou devwa e sou atant yo. Sonje prezans lekòl chak jou jwe yon wòl enpòtan nan akonplisman akademik e sipò w enpòtan anpil pou siksè pitit ou.



Pataje eksperyans ou fè nan Jounen Vizit yo avèk nou sou Twitter nan sèvi ak 'hashtag' #openhouse2017. Pou plis enfòmasyon, silvouplè vizite <http://openhouse.dadeschools.net/>.

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

11 OKTÒB

11è dimaten
Reyinyon Regilye

14 NOVANM

10è dimaten
Reyinyon Òganizasyonèl

15 NOVANM

11è dimaten
Reyinyon Regilye

6 DESANM

11è dimaten
Reyinyon Regilye

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

28 septanm – Jounen pou Lekòl Segondè yo Lage Bonè
2 oktòb – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
27 oktòb – Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

"iATTEND" (MWEN ALE) NAN M-DCPS



Prezans se yon priyorite nan M-DCPS.

- Nou konsidere elèv kwonikman absan menmsi yo rate sèlman de (2) jou lekòl pa mwa.
- Elèv pa ka aprann si yo pa prezan lekòl, donk prezans se yon obligasyon.
- Reta lekòl lakoz move prezans.
- Ale lekòl regilyèman fè elèv santi yo pi byen konsènan pwòp tèt yo e konsènan lekòl.
- Prezans se yon ladrès lavi ki enpòtan e ki pral ede pitit ou nan lekòl segondè, ale nan kolèj e antre nan mache travay la avèk siksès.
- Paran/gadyen responsab pou asire pitit yo ale lekòl chak jou.

FANMI M-DCPS LA METE TÈT ANSANM POU SIKLÒN IRMA



Yo ap sèvi kominote a manje nan Lekòl Elemantè Frederick Douglass.

Siklòn Irma se te youn nan tanpèt ki pi puisan ki frape Sid Florid la resamman. Kontribisyon chak segman nan fanmi M-DCPS la te ofri mezi pwoteksyon atravè kominote a pou moun ki nan bezwen, pandan nou t ap fè fas ak gwo ensètitud sou ki kote tanpèt la ap frape. Operasyon evakyasyon ak refij ki te fèt la te san parèy nan kouvèti medyatik, dimansyon, ak efikasite li. Plis pase 30,000 manm kominotè te pran refij nan youn nan 44 etablisman lekòl ki te ouvè kòm refij. Pi vit posib, lè Irma fin pase, nou te tounen atansyon nou sou evalyasyon domaj

Yo sèvi prèske 50,000 repa bay manm nan kominote a.

ki te fèt pandan siklòn nan, apre sa, nou te fè efò pou netwayaj ak reparasyon, yon fason pou nou te re-ouvè lekòl yo rapidman. Objektif prensipal nou se te rebay elèv ak fanmi n ap sèvi yo yon sans nòmralite nan kominote nou an. Nou te pran mezi pou asire elèv ak fanmi yo gen aksè ak manje depi kondisyon nan lekòl yo pèmèt sa. Nan dat 14 ak 15 septanm, divès lekòl atravè

Distri a te sèvi kòm andwa pou distribisyon manje ak dlo. Gen kowòdinasyon ki te fèt ant Polis Lekòl Miami-Dade, anplwaye Distri, ak antite gouvènman lokal yo pou asire wout yo an sekirite pou elèv yo ale lekòl. Pandan kominote nou an ap eseye kanpe sou pye li apre Irma, M-DCPS pral kontinye ofri menm kalite nivo angajman pou ekselans la ansanm ak edikasyon piblik kalite siperyè. Asire w ou telechaje aplikasyon mobil Dadeschools la e ou suiv nou sou medya sosyal pou rete enfòm e konekte si gen yon ijans.

DEJNE AK REPA MIDI GRATIS JISKA 20 OKTÒB

M-DCPS
DEPARTMENT OF

**FOOD &
NUTRITION**

EATING HEALTHY EVERY DAY!




Akoz Siklòn Irma, repa midi gratis pou tout elèv jiska 20 oktòb 2017. Apre dat sa a, se sèlman elèv ki sètifye pou repa midi gratis ki ap elijib pou kontinye resevwa benefis sa a. Si pitit ou elijib, silvouplè asire w ou ranpli aplikasyon pou benefis manje gratis la kounye a oubyen nenpòt lè avan 20 oktòb. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://freeandreducedmealapp.dadeschools.net/lfserver/LandingPage>.

Sonje, dejne GRATIS pou elèv nan tout lekòl leta Miami-Dade yo chak jou lekòl. Lekòl elemantè yo ofri dejne kòmmanse 7:30 dimaten pou 8:15 dimaten, lekòl mwayen kòmmanse 8:00 dimaten pou 8:45 dimaten, e lekòl segondè kòmmanse 6:30 dimaten pou 7:15 dimaten.

'DIPLOMA PATHWAYS' POU YON AVNI BRIYAN

M-DCPS vle asire paran ak elèv konnen diferans ant opsyon diplòm ki disponib nan Florid e nan distri lekòl nou an. Atravè "Diploma Pathways" (Chemen Diplòm), elèv ka planifye trajektwa akademik yo bonè e yo gen opòtinite tou pou distenge tèt yo nan kolèj ak inivèsite.

Elèv ka resevwa deziyasyon Diplòm Estanda, Elèv oubyen Merit, oubyen yo ka resevwa Distenksyon Diplòm Sipèentandan an. Opsyon entènasyonal yo gen ladan 'AP Capstone', 'cambridge', ak Bakaloreya Entènasyonal. Pou plis enfòmasyon, pale avèk Konseye 'CAP' lekòl ou a oubyen konseye lekòl la.



RETE ENFÒME



Nou mande pou elèv yo genyen enfòmasyon sou kontak ijans yo nan dosye lekòl yo pou asire paran ak lòt moun yo deziyen ka resevwa notifikasyon rapidman si gen yon ijans. Silvouplè asire w ou toujou mete ajou enfòmasyon ki sou kat elèv la. Si gen chanjman nan non, nimewo telefòn oubyen adrès, asire w ou bay nouvo enfòmasyon an.


OU BEZWEN ÈD POU PEYE KOLÈJ?



Voye yon "Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)" (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv), kòmanse 1ye oktòb 2017. Ranpli e voye fòm FAFSA a gratis e rapid, e li ba ou aksè nan pi gwo nan èd finansye a pou peye kolèj oubyen lekòl pwofesyonèl. Pwosis la pran an mwayèn 25 minit pou konplete li. Vizite www.FAFSA.gov pou voye aplikasyon w la.

KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Premye: Aprann Pitit ou Òganize Li
 Dezyèm: Pale avèk Pwofesè Elèv Adolèsan W lan
 Pou plis enfòmasyon, vizite <http://bit.ly/2xEd7NJ>.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
 @MiamiSup



MiamiSchools
 AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
 @MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmàn
 Doktè Marta Pérez, Vis Chèmàn
 Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
 Susie V. Castillo
 Doktè Steve Gallon III
 Perla Tabares Hantman
 Doktè Martin Karp
 Lubby Navarro

Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho
 Sipèentandan Lekòl yo

Bryce Febres
 Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
 Ofisyè Anchèf Kominikasyon